**दिन–बुधवार** **दिनांक–10.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

रूपौली विधानसभा उपचुनाव लेल आइ कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक मध्य मतदान शांतिपूर्वक संपन्न भऽ गेल। एखन धरि कुल सत्तावन दशमलव दू पाँच प्रतिशत मतदान हेबाक संवाद प्राप्त भेल अछि। आइ भेल मतदान मे गोटेक बूथ पर प्रशासन आ स्थानीय लोकक मध्य झड़प भेल मुदा मतदानक काज शांतिपूर्ण संपन्न भऽ गेल। बरखाक कारण सेहो कतहुं–कतहुं मतदान प्रक्रिया मे बाधा पड़ल। एहि उपचुनाव में कुल एगारह प्रत्याशी अपन भाग्य आजमा रहल छथि। मुख्य मोकाबिला एनडीए समर्थित जदयू उम्मीदवार कलाधर प्रसाद मंडल आ महागठबंधनक राजद प्रत्याशी बीमा भारतीक मध्य मानल जा रहल अछि। भोटक गिनती तेरह जूलाई के होयत।

---

उत्तर प्रदेशक उन्नाव जिला मे बांगरमऊ लऽग आइ सवेरे लखनऊ–आगरा एक्सप्रेस वे पर एक दुग्ध टैंकर सँ एक डबल डेकर बस के टक्कर मे कम सँ कम अठारह गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि आ उन्नैस व्यक्ति घायल भऽ गेलाह। मृतक व्यक्ति मे तेरह गोटे के बिहारक हेबाक संभावना अछि। एहि मे अधिकांश मृतक बिहारक शिवहर आ मोतिहारी जिलाक छथि। ई बस सीतामढ़ी सँ दिल्ली जा रहल छल। बसक टक्कर एतेक जोरदार छल जे कतेको गोटे बस सँ बाहर खसि पड़लाह। उन्नावक पुलिस अधीक्षक सिद्धार्थ शंकर मीणा जनौलनि जे घायल लोकनिक इलाज जिला अस्पताल मे कयल जा रहल अछि। जखनकि गंभीर रूप सँ घायल पाँच यात्री के उपचारक वास्ते लखनऊ पठाओल गेल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि सड़क दुर्घटना मे मृतकक प्रति दुःख व्यक्त कयलनि अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे स्थानीय प्रशासन राज्य सरकारक निगरानी मे पीड़ित लोकनिक सहायता लेल जुटल अछि। ओ उन्नाव दुर्घटना मे प्रत्येक मृतकक परिजन के प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोष सँ दू–दू लाख टाकाक अनुग्रह राशि आ घायल लोकनि के पचास–पचास हजार टाका देबाक घोषणा कयलनि। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बस दुर्घटना पर दुःख

व्यक्त करैत मृतकक आश्रित के दू–दू लाख टाकाक अनुग्रह अनुदान मुख्यमंत्री राहत कोष सँ देबाक घोषणा कयलनि।

———————————————————————

नेपालक तराई क्षेत्र मे भऽ रहल बरखाक कारणे राज्य मे गंडक, कोसी, बागमती आ महानन्दा समेत कतेको नदी उफान पर अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान सँ एक सय सत्रह सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। बागमती नदीक जलस्तर सीतामढ़ीक रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे लाल निशान सँ ऊपर अछि। कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे आ महानन्दाक जलस्तर किशनगंजक तैयबपुर, पूर्णियांक ढेंगराघाट आ कटिहारक झावा मे लाल निशान सँ ऊपर बनल अछि। परमान नदी सेहो अररिया मे खतराक निशान सँ एकहत्तरि सेंटीमीटर ऊपर बनल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार किशनगंजक दिघलबैंक मे सभ सँ बेसी एक सय छप्पन दशमलव चारि मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे प्रदेशक उत्तरी भाग मे किछु स्थान पर भारी बरखा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, राज्यक शेष भाग मे कमसम अथवा मध्यम बरखा भऽ सकैत अछि। एम्हर, मधुबनी जिलाक अंधरामठ थाना क्षेत्रक राजारामपट्टी गाम मे ठनकाक चपेट मे अयला सँ एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि। ओम्हर पश्चिम चंपारण जिलाक लौरिया थाना क्षेत्र मे सेहो ठनकाक चपेट मे अयला सँ एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेल आ एक व्यक्ति घायल भऽ गेलाह।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे जे.पी. गंगा पथक तेसर चरणक शुभारम्भ कयलनि। एहि पथ के शुरू भेला सँ गायघाट सँ कंगनघाटक मध्य वाहनक परिचालन शुरू भऽ गेल। एहि बाट सँ व्यापारी लोकनि के मंडी पहुंचय मे भीषण जामक सामना नहिं करय पड़त। उद्घाटन समारोह मे विधानसभा अध्यक्ष नन्दकिशोर यादव, उपमुंख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ सांसद रविशंकर प्रसाद समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड सीबीएसई स्पष्ट कयलक अछि जे वर्तमान पाठ्यपुस्तक मे मात्र कक्षा तीन आ छओ लेल परिवर्तन कयल गेल अछि। आन कक्षाक पाठ्यक्रम मे कोनो परिवर्तन नहिं भेल अछि।

———————————————————————————

आय सँ बेसी संपत्ति मामिला मे प्रवर्तन निदेशालय–ईडीक टीम आइ बेगूसराय मे एक दारोगा ब्रजेश कुमारक घर पर छापामारी कऽ अढ़ाई लाख नगद आ सोना समेत आनो दस्तावेज बरामद कयलक अछि।

———————————————————————————

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय मे संविदा पर बहाल कर्मचारी के अतिशीघ्र भोगतान आ वेतन वृद्धि लेल छात्र संगठन आइसा दिस सँ कुलपति के एक ज्ञापन सौंपल गेल।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।